



KONSÈY KONSILTATIF  
AFÈ GRANMOUN AJE

# Gid Resous Miami-Dade pou Granmoun aje

TWAZYÈM EDISYON



# Tab dèmatyè

Konsèy Administrasyon, Manm Konsèy Administrasyon ak Pèsonèl .....	1
Konsènan Konsèy Konsiltatif Afè Granmoun Aje .....	2
Deklarasyon Misyon .....	2
Resous .....	3
1. Konsèy Konsiltatif ak Òganizasyon .....	4
1.1 Konsèy Konsiltatif .....	4
1.2 Òganizasyon ak Gwoup Militans .....	5
2. Sèvis Imigrasyon, Sèvis Finansye ak Sèvis Legal .....	9
2.1 Imigrasyon .....	10
2.2 Asistans Finansyè .....	10
2.3 Sèvis Legal .....	11
3. Sèvis Sante ak Swen .....	13
3.1 Asistans Swen a Domisil .....	14
3.2 Enfòmasyon ak Asistans .....	16
3.3 Asirans .....	17
3.4 Swen Medikal ak Sistèm Swen Sante .....	19
4. Lojman ak Sèvis Sosyal .....	23
4.1 Kominikasyon .....	24
4.2 Patisipasyon/Angajman .....	24
4.3 Asistans Alimantè .....	30
4.4 Lojman .....	33
4.5 Enfòmasyon ak Èd Jeneral .....	35

4.6 Transpò . . . . .	37
4.7 Sèvis pou Veteran . . . . .	40
4.8 Sèvis pou Viktim, Sèvis Sekirite, ak Sèvis Dijans . . . . .	41
Enfòmasyon pou Mande yon Fòm Aksesib . . . . .	47
Enfòmasyon pou Mande plis Kopi . . . . .	47
Degajman Responsabilite . . . . .	47
Manm Konsèy Komisyonè Konte a . . . . .	48
Zanmi Nou Yo Nan Kominote A . . . . .	49
Nòt . . . . .	54

# **Konsèy Konsiltatif Afè Granmoun Aje, Manm Konsèy Administrasyon ak Pèsonèl**

## **Konsèy Administrasyon**

Guadalupe Bruneman, Prezidan  
Mario Tapia, Vis Prezidan  
Verania Hermida, Dezyèm Vis Prezidan

## **Manm Konsèy Administrasyon**

Venghan “Winnie” Tang  
Magali Abad  
Guadalupe “Lupe” Bruneman  
Verania “Betty” Hermida  
Johnnie Mae Kerr  
Brenda Lampon  
Barbara Morales  
Armando Riera  
Mario Tapia  
Deborah J. “Debbie” Lowe

## **Pèsonèl**

Vanessa Garcia Azzam, Ofisye Pwogram  
Laura Morilla, Direktè Egzekitif  
Biwo Militans Kominotè

Remèsiman espesyal pou Katherine Bolt, dènye Ofisye  
Pwogram Konsèy Konsiltatif Afè Granmoun Aje, pou  
jan li travay di pou li konpile gid resous sa a.

## ***Konsènan Konsèy Konsiltatif Afè Granmoun Aje***

Konsèy Konsiltatif Afè Granmoun Aje Konte Miami-Dade la te etabli an me 2018 pa Òdonans Nim. 18-49 ke Komisyonè Rebeca Sosa te patwone e Konsèy Komisyonè Konte a te apwouve yon fason inanim. Konsèy la pral elaji sipò pou granmoun aje nan Konte Miami-Dade, pandan l ap pèmèt yo jwe yon wòl pi aktif nan gouvènman lokal, nan elabore estrateji pou pi byen reponn a bezwen yo.

### ***Deklarasyon Misyon***

Milite pou enterè kominote granmoun aje nan Konte Miami-Dade ; amelyore kalite lavi a pou yo epi ogmante aksè a sèvis pou reponn a bezwen yo ; epi pwomouvwa yon kominote ki apresye granmoun aje, kote rezidan pi aje nou yo an sekirite, respekte, aktif e angaje.



#### **Elder Affairs Advisory Board**

111 NW 1 ST Street, Suite 1034

Miami, FI 33128

305-375-3025

# Konsèy Konsiltatif ak Òganizasyon

---



## Konsèy Konsiltatif

### **Konsèy Konsiltatif Amerikano-Azyatik**

(305) 375-1570

<https://www.miamidade.gov/global/government/boards/asian-american-advisory-board.page>

Konsèy Konsiltatif Amerikano-Azyatik la te kreye pou li travay nan yon kapasite konsiltatif pou Konsèy Komisyonè Konte a, pou administrasyon an, pou kominote a ak tout ajans yo nan Konte Miami-Dade nan sa ki konsène afè ki gen pou wè ak kominote Amerikano-Azyatik la.

### **Konsèy Konsiltatif Afè Moun Ras Nwa (BAAB)**

(305) 375-4606

<https://www.miamidade.gov/global/government/boards/black-affairs-advisory-board.page>

BAAB egziste pou li milite pou bezwen sosyal, ekonomik, politik ak edikasyonèl kominote divèsifye moun ras nwa ki soti tout kote nan mond lan e ki nan Konte Miami-Dade, pandan li ap amelyore kalite lavi a pou rezidan sa yo yon fason ki devwe avèk repons rapid.

### **Komisyon pou Fanm**

(305) 375-4967

<https://www.miamidade.gov/global/government/boards/commission-for-women.page>

Komisyon pou Fanm milite pou fanm ak tifi nan kominote a epi li ap fè tout efò pou amelyore kalite lavi a pou yo.

### **Konsèy Relasyon Kominotè (CRB)**

(305) 375-1406

<https://www.miamidade.gov/global/government/boards/community-relations-board.page>

CRB sèvi antanke konseye pou Majistra a, pou Konsèy Komisyonè Konte a ak Administrasyon Konte a sou kesyon ki gen enpak sou relasyon ant diferan gwoup.

### **Konsèy Siveyans Vyolans Domestik (DVOB)**

(305) 375-2861

<https://www.miamidade.gov/global/government/boards/domestic-violence-oversight-board.page>

DVOB pran angajman pou pwoteksyon, militans ak sipò pou viktim vyolans domestik gras a kolaborasyon avèk tout antite ak tout sistèm ki ap ede viktim avanse pou yo mennen yon vi ki an sekirite e ki pwodiktif.

### **Konsèy Konsiltatif Afè Granmoun Aje (EAAB)**

(305) 375-3025

<https://www.miamidade.gov/global/government/boards/elder-affairs-board.page>

EAAB sèvi pou elaji sipò pou granmoun aje nan Konte Miami-Dade, pandan li ap pèmèt yo jwe yon wòl pi aktif nan gouvènman lokal, nan elabore estrateji pou pi byen reponn a bezwen yo.

### **Konsèy Konsiltatif Afè Ispanik**

(305) 375-5098

<https://www.miamidade.gov/global/government/boards/hispanic-affairs-board.page>

Konsèy Konsiltatif Afè Ispanik Konte Miami-Dade la sèvi pou amelyore kalite lavi a pou sitwayen ispanik, pou idantifye e siveye bezwen oswa enterè sitwayen ispanik yo, devlope pwogram ki abòde kesyon sa yo, ankouraje patisipasyon ispanik nan kesyon sou preyokipasyon kominotè, sipòte devlopman moun ispanik nan wòl lidèship epi rekòmande bay Konsèy Komisyonè Konte a lwa ki sipòte kesyon ispanik.

### **Konsèy Konsiltatif Divès Kwayans**

(305) 375-5784

<https://www.miamidade.gov/global/government/boards/interfaith-advisory-board.page>

Konsèy Konsiltatif Divès Kwayans Konte Miami-Dade (IAB) ofri opòtinite pou plis patisipasyon dirijan relijye ak dirijan espiyèl pou yo reyini ansanm e abòde kesyon ki gen gran enpòtans nan Konte Miami-Dade.

### **Konsèy Konsiltatif LGBTQIA+**

(305) 375-4935

<https://www.miamidade.gov/global/government/boards/lgbtqia-plus-advisory-board.page>

Objektif Konsèy sa a se bay Konsèy Komisyonè Konte a konsèy nan sa ki konsène lwa ak politik ki sipòte rezidan LGBTQIA+, vizite LGBTQIA+ ak biznis LGBTQIA+ nan Konte Miami-Dade, pou asire ke gen yon vwa solid ki ap pale pou kominote LGBTQIA+ a nan gouvènman lokal ak politik piblik epi pou ankouraje e sipòte devlopman kominote LGBTQIA+ a.

### **Konsèy Konsiltatif Afè Militè**

(305) 375-4493

<https://www.miamidade.gov/global/government/boards/military-affairs-board.page>

Misyon Konsèy Afè Militè (MAB) se ofri bay Konsèy Komisyonè Konte Miami-Dade rekòmandasyon nan sa ki konsène militè ak veteran.

### **Biwo Konte Miami-Dade pou Militans Kominotè**

(305) 375-5730

[www.miamidade.gov/advocacy](http://www.miamidade.gov/advocacy)

Biwo Militans Kominotè a (OoCA) te etabli pou li reponn a bezwen inik kominote a pa mwayen divès evènman ak inisyativ. OoCA pwomouvwa relasyon kominotè ak konpreyansyon kiltirèl pou tout rezidan Konte a kapab genyen yon meyè kalite lavi.

## **Òganizasyon**

### **AARP**

1-888-687-2277

[www.aarp.org](http://www.aarp.org)

AARP se yon òganizasyon non-patizan a bi non-likratif ki ranfòse kapasite moun pou yo chwazi kòman pou yo viv pandan yo ap vyeyi.

### **Rezo Militans pou Moun Andikape**

(305) 596-1160

<https://www.advocacynetwork.org/>

Rezo Militans pou Moun Andikape defann dwa moun ki gen andikap entèlektyèl, devlopman, ak lòt andikap. Pou li fè sa, li pwomouvwa enklizyon, li ofri sèvis epi li pwomouvwa chanjman nan sistèm.

### **Alyans pou Vyeyès**

(305) 670-6500

[www.allianceforaging.org](http://www.allianceforaging.org)

Alyans lan se ajans lokal Miami-Dade sou kesyon vyeyès, ki reponn a bezwen granmoun aje ak moun ki gen andikap.

### **Asosyasyon ALS**

800-782-4747

<https://www.als.org/>

Misyon Asosyasyon ALS se dekouvri tretman ak yon remèd pou ALS, epi sèvi moun ALS afekte, milite pou yo epi ranfòse kapasite yo pou yo viv lavi yo san anpèchman.

## **Asosyasyon Alzaymè**

Liy asistans telefonik: 800-272-3900

<https://www.alz.org>

Asosyasyon Alzaymè ap travay pou akselere rechèch mondyal, pwomouvwa rediksyon risk ak deteksyon bonè epi maksimize bon kalite swen ak sipò.

## **Komisyon sou Lalwa ak Vyeyès Asosyasyon Bawo Ameriken**

(202) 662-8690

[https://www.americanbar.org/groups/law\\_aging/](https://www.americanbar.org/groups/law_aging/)

Misyon Komisyon sou Lalwa ak Vyeyès se edike e milite pou pwoteje dwa ak diyite adilt pandan yo ap vyeyi.

## **Sosyete Amerikèn Kont Kansè**

800-227-2345

<https://www.cancer.org>

Sosyete Amerikèn Kont Kansè ap travay pou amelyore lavi moun ki gen kansè ak lavi fanmi yo nan mennen lit kont kansè pa mwayen militans, rechèch ak sipò pou pasyan, pou asire ke tout moun gen opòtinite pou prevni, detekte, trete epi siviv kansè.

## **Rezo Aksyon Kont Kansè Sosyete Amerikèn Kont Kansè**

(202) 661-5700

<https://www.fightcancer.org>

Rezo Aksyon Kont Kansè Sosyete Amerikèn Kont Kansè ap milite pou politik piblik ki baze sou done pou redui fado kansè a pou tout moun.

## **Fondasyon Amerikèn pou moun ki Avèg**

212-502-7600

<https://www.afb.org>

Misyon Fondasyon Amerikèn pou moun ki Avèg se kreye opòtinite egal epi ogmante posibilite yo pa mwayen militans, lidèchip eklere ak patenarya estratejik.

## **Sosyete Amerikèn Jeryatri**

1-212-308-1414

<https://www.americangeriatrics.org>

Sosyete Amerikèn Jeryatri se yon sosyete nasyonal pwofesyonèl a bi non-likratif swen sante jeryatrik ki devwe pou amelyore sante, endepandans ak kalite lavi a pou granmoun aje.

## **Asosyasyon Amerikèn Swen Sante**

1-202-842-4444

[www.ahcancal.org](http://www.ahcancal.org)

Asosyasyon Amerikèn Swen Sante se yon gwoup militans pou pwofesyon swen alontèm ak swen entansif akoutèm apre tretman.

## **Sosyete Amerikèn sou Vyeyès (ASA)**

1-800-537-9728

<https://www.asaging.org>

Travay ASA konsantre sou senk domèn priyorite estratejik: Kilti ak Diskriminasyon Parapò a Laj, Sekirite Ekonomik, Inovasyon ak Enpak Sosyal, Sante ak Byennèt epi Ekite ak Jistis.

### **Fondasyon Atrit**

800-283-7800

<https://www.arthritis.org/>

Fondasyon Atrit ap chèche jwenn yon remèd pou kòz #1 andikap nan Etazini pandan l ap defann lit pou venk atrit gras a lasyans ki pote chanjman nan lavi moun, resous, militans ak koneksyon kominotè.

### **Rezo Aksyon pou Èd Familyal (CAN)**

(855) 227-3640

<https://www.caregiveraction.org>

CAN se yon òganizasyon a bi non-likratif ki ofri fòmasyon, sipò ak resous pou èd familyal nan tout peyi a, gratis.

### **Catalyst Miami**

305-576-5001

<https://www.catalystmiami.org>

Catalyst Miami ap chèche amelyore lavi gras a sèvis gratis, pwogram sekirite ekonomik ak òganizasyon debaz.

### **Alyans Epilepsi Florid**

1-877-553-7453

[www.epilepsyalliancefl.org](http://www.epilepsyalliancefl.org)

Alyans Epilepsi ap travay pou ofri bay chak moun Florid ke epilepsi afekte yon lavi ki pi byen reyisi e pwodiktif ke posib.

### **Depatman Timoun ak Fanmi Florid**

(850) 300-4324

TTY: 1-800-955-8771

<https://www.myflfamilies.com>

Depatman Timoun ak Fanmi Florid ap travay an patenarya avèk kominote lokal yo pou pwoteje sa yo ki vilnerab, pwomouvwa fanmi ki djanm e oto-sifizan ekonomikman epi pwomouvwa rekiperasyon ak rezilyans pèsònèl e familyal.

### **Depatman Afè Granmoun Aje Florid**

850-414-2000

<https://elderaffairs.org>

Depatman Afè Granmoun Aje Florid responsab pou li prepare rekòmandasyon politik pou swen alontèm, lite kont diskriminasyon parapò a laj, kreye konsyantizasyon piblik sou kesyon vyeyès, konprann kontribisyon ak bezwen granmoun aje, milite nan non granmoun aje epi sèvi antanke yon sant enfòmasyon.

### **Pwojè Jistis Lasante Florid**

[www.floridahealthjustice.org](http://www.floridahealthjustice.org)

Pwojè Jistis Lasante Florid angaje nan yon militans total kapital pou ogmante aksè a swen sante epi pwomouvwa ekite nan lasante pou moun Florid ki vilnerab.

### **Fondasyon Sante Sid Florid**

(305) 374-7200

<https://hfsf.org>

Fondasyon Sante Sid Florid ap travay pou investi nan kolaborasyon epi sèvi kòm katalis pou kolaborasyon, chanjman politik ak sistèm ki amelyore sante nan kominote Sid Florid yo, avèk yon konsantrasyon sou popilasyon vilnerab ki gen revni fèb a revni modere.

### **Jistis nan Vyeyès**

(202) 289-6976

<https://justiceinaging.org/>

Jistis nan Vyeyès se yon òganizasyon nasyonal ki itilize pouvwa ki genyen nan lalwa pou lite kont povrete nan vyeyès pandan li ap garanti aksè a swen sante abòdab, sekirite ekonomik ak aksè nan tribinal pou granmoun aje ki gen resous limite.

### **Sant Latino sou Vyeyès**

(305) 647-1150

<https://lcaflorida.org/>

Sant Latino sou Vyeyès (LCA) ap chèche plede an favè amelyorasyon sèvis pou granmoun aje latino epi edike granmoun aje osijè divès opsyon ki disponib pou yo.

### **Alyans Nasyonal pou Sèvis Èd Natirèl**

(202) 918-1013

[www.caregiving.org](http://www.caregiving.org)

Alyans Nasyonal pou Sèvis Èd Natirèl òganize patenarya nan rechèch, militans ak inovasyon pou rann lavi a miyò pou moun ki èd familyal.

### **Konsèy Nasyonal sou Vyeyès (NCOA)**

<https://www.ncoa.org>

NCOA founi resous, zouti, meyè pratik ak militans peyi nou an bezwen pou asire ke chak moun kapab vyeyi an bòn sante ak sekirite finansyè.

### **Enstiti Nasyonal sou Vyeyès (NIA)**

800-222-2225

<https://www.nia.nih.gov>

Enstiti a ap mennen yon trè gran efò rechèch syantifik pou konprann nati vyeyès la epi pou pwolonje kantite ane nan lavi a kote moun pi an sante ak pi aktif. Epi tou se NIA ki prensipal ajans federal ki ap sipòte e mennen rechèch sou maladi Alzaymè ak maladi demans.

### **Fondasyon Pakinsonn**

Liy asistans telefonik: 1-800-473-4636

<https://www.parkinson.org>

Fondasyon Pakinsonn rann lavi a miyò pou moun ki fè maladi Pakinsonn (PD) pandan li ap amelyore swen e pwomouvwa rechèch pou jwenn yon remèd.

### **Patenarya pou Sante Ibèn (UHP)**

(786) 224-2309

<https://urbanhp.org>

Misyon UHP se investi nan kominote nou yo nan ede konsevwa chanjman dirab e nan pwomouvwa ekite ak byennèt nan tout lavi a.

### **United Way**

(305) 646-7000

<https://www.unitedway.org>

United Way ap chèche rann lavi moun miyò nan mobilize byenveyans kominote nan tout mond lan pou fè byen komen pwogrese.

# SÈVIS IMIGRASYON, SÈVIS FINANSYE AK SÈVIS LEGAL

---



## Imigrasyon

### **Sant pou Avansman Imigran**

(305) 416-7902

<https://cirmausa.org>

Sant pou Avansman Imigran se yon òganizasyon a bi non-likratif ki te kreye pou fè yon enpak nan nivo lokal, nan nivo Eta a ak nan nivo nasyonal pou bezwen tout imigran pandan l ap kreye yon diferans pozitif nan kominote a ak nan lavi Fanmi Imigran Ispanik.

### **Sèvis Imigrasyon ak Sitwayète Etazini (USCIS)**

(800) 375-5283

<https://www.uscis.gov>

USCIS se ajans gouvènman ki sipèvize imigrasyon legal nan peyi Etazini.

## Asistans Finansyè

### **Axis Helps**

[www.axishelps.org](http://www.axishelps.org)

Òganizasyon Axis Helps Miami konekte pwopriyetè ti biznis ak rezidan Konte Miami-Dade avèk resous ekonomik kominote nou an bezwen pou reziste tanpèt epi pou soti avèk estabilite ak fòs.

### **Sit Èd Taks AARP**

<https://taxaide.aarpfoundation.org/>

Sit Èd Taks AARP ofri asistans taks gratis avèk yon atansyon espesyal pou kontribyab ki depase 50 an epi ki gen revni fèb jiska revni modere.

### **Internal Revenue Service (IRS)**

800-829-1040

[www.irs.gov](http://www.irs.gov)

Misyon IRS se ofri kontribyab ameriken yo sèvis pi wo nivo nan ede yo konprann e reponn a responsabilite taks yo genyen epi se fè respekte lalwa avèk entegrite ak ekite pou tout moun.

### **Biwo Pwokirè Jeneral la**

(305) 377-5441

Pwoteksyon Konsomatè: (305) 377-5835

<https://www.myfloridalegal.com/>

Pwokirè Jeneral la sèvi kòm Ofisye Jiridik an Chèf Eta Florid, li okipe pòs la antanke yon fonksyon elektif nan tout Eta a pou yon manda kat ane.

### **Operation S.A.F.E.**

[www.myfloridacfo.com/safe](http://www.myfloridacfo.com/safe)

Seri Videyo “Be Scam Smart” Sèvis Finansye Depatman an prepare espesyalman pou ede enfòmè, ranfòse kapasite ak pwoteje granmoun aje Florid kont fwòd finansye ak rakèt.

### **Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini (SSA)**

1-800-772-1213

[www.ssa.gov/locator/](http://www.ssa.gov/locator/)

SSA ofri pwoteksyon epi li jere avantaj tankou retrèt, andikap, sivivan ak fanmi.

## Sèvis Legal

### **Americans for Immigrant Justice**

(305) 573-1106

<https://aijustice.org>

Òganizasyon Americans for Immigrant Justice se yon kabinè avoka a bi non-likratif ki ap lite pou jistis pou imigran gras a yon konbinezon reprezantasyon dirèk, litij enpak, militans ak sansibilizasyon.

### **CABA Pro Bono Project**

(305) 646-0046

[www.cabaprobono.com](http://www.cabaprobono.com)

CABA ofri asistans legal dirèk gratis pou afè legal sivil pou rezidan Florid ki gen revni fèb.

### **Catholic Legal Services**

(305) 373-1073

[www.cclsmiami.org](http://www.cclsmiami.org)

Catholic Legal Services ofri sèvis legal pwofesyonèl pou moun ki soti sou tè etranjè ki manke mwayen sifizan pou peye reprezantasyon, san li pa gade sou relijyon oswa orijin nasyonal.

### **Pwojè Jistis Kominotè**

(305) 907-7697

[www.communityjusticeproject.com](http://www.communityjusticeproject.com)

Pwojè Jistis Kominotè ofri sipò lè moun ap òganize pou jistis rasyal ak dwa moun pa mwayen travay legal.

### **Dade Legal Aid**

(305) 579-5733

TTY: (305) 679-1001

[www.dadelegalaid.org](http://www.dadelegalaid.org)

Òganizasyon Dade Legal Aid ofri sèvis legal sivil gratis pou rezidan Konte Miami-Dade ki gen revni fèb.

### **Disability Independence Group**

(305) 669-2822

[www.justdigit.org](http://www.justdigit.org)

Òganizasyon Disability Independence Group ap travay pou ogmante opòtinite pou patisipasyon, edikasyon, travay ak akseptans moun ki gen andikap, pa mwayen militans, aksyon nan tribinal, edikasyon ak fòmasyon.

### **FIU Law Practice**

(305) 348-7876

<https://law.fiu.edu/fiu-law-practice>

Kabinè FIU Law Practice ofri sèvis legal abòdab ki pa koute chè nan domèn dwa familyal pou fanmi ki gen revni fèb ak revni modere ki pa kalifye pou sèvis legal gratis.

### **Sèvis Referans Avoka Bawo Florid**

800-342-8011

<https://www.floridabar.org/public/lrs/>

Sèvis Referans Avoka Bawo Florid fèt yon fason pou rann li fasil pou konsomatè jwenn kontak avoka verifye.

### **Florida Senior Legal Helpline**

1-888-895-7873

<https://law.elderaffairs.org/>

Òganizasyon Florida Senior Legal Helpline ofri konsèy legal sivil gratis ak sèvis tou kout sou telefòn pou rezidan elijib Florid ki gen 60 an oswa plis.

**Legal Services of Greater  
Miami-Dade County**

(305) 576-0080

[www.legalservicesmiami.org](http://www.legalservicesmiami.org)

Òganizasyon Legal Services of Greater Miami-Dade County ofri sèvis legal sivil gratis pou kominote moun ki gen revni fèb nan Konte Miami-Dade ak Konte Monroe.

**Biwo Pwokirè Eta a  
Katherine Fernandez Rundle**

(305) 547-0100

<https://miamisao.com/>

Misyon prensipal Biwo Pwokirè Eta a se pwoteje e defann kominote a pandan l ap mentni e fè respekte lalwa.

**Òganizasyon Senior Legal Helpline**

1-888-895-7873

<https://law.elderaffairs.org/legal-services/florida-senior-legal-helpline/>

Òganizasyon Senior Legal Helpline ofri konsèy legal sivil gratis ak sèvis tou kout sou telefòn pou rezidan elijib Florid ki gen 60 an oswa plis.

# SÈVIS SANTE AK SWEN

---



## Asistans pou Swen Lakay

### **Sèvis Lokalizatè Swen Administration for Community Living pou Granmoun Aje (800) 677-1116**

<https://eldercare.acl.gov/Public/Index.aspx>

Administration for Community Living se yon òganizasyon ki ofri Sèvis Lokalizatè Swen pou Granmoun Aje, yon sèvis referans nan tout peyi a ki konekte moun avèk resous sipò lokal fyab pou granmoun aje ak èd familyal.

### **Agape Medical Staffing, LLC**

(786) 320-5467

[www.ams.health](http://www.ams.health)

Èd familyal Agape yo resevwa fòmasyon pou yo ofri swen pwofesyonèl, tankou ede avèk aktivite bezwen lavi toulejou, ale fè komisyon ak lòt aktivite ki kapab rann kalite lavi a miyò pou moun ki aje, andikape, blese, malad oswa ki bezwen swen espesyalize.

### **All Ways Home Care, Inc**

(305) 446-6120

<http://allwayshomecare.net>

Always Home Care, Inc. pran angajman pou li ofri founisè swen ki byen antrene, devwe e ki gen eksperyans, pou moun ki bezwen pèsònèl medikal nan Konte Miami-Dade.

### **A Place For Mom**

(866) 671-3802

<https://www.aplaceformom.com>

A Place for Mom se yon konpayi ki senplifye pwosesis rechèch rezidans ak swen a domisil gras a konsèy pèsonalize gratis pou fanmi.

### **Arch Creek Senior Care Services**

(305) 944-0663

Lè biwo fèmèn: (786) 916-0661

<https://www.acseniorcare.com>

Arch Creek Senior Care Services se yon ajans sante a domisil lisansye nan Eta a, ki founi swen non-medikal a domisil.

### **CareGivers of America**

(786) 981-9882

<https://caregiversofamerica.com>

CareGivers of America se yon rejis lisansye enfimyè ki refere èd swen a domisil ak asistan enfimyè seleksyone, eksperimente e sètifye bay granmoun aje ki ap vyeyi nan Konte Broward, Konte Miami-Dade ak Konte Palm Beach.

### **Center for Independent Living of South Florida (CILSF)**

(305) 751-8025

<https://www.cilsf.org/>

CILSF ranfòse kapasite moun ki gen tout kalite andikap, ak moun tout laj pou maksimize kapasite yo pou yo viv otonòm epi simonte baryè ki anpeche nou devni yon kominote ki entegre konplètman.

### **Complete Home Care**

1 (888) 686-6564

<https://completehcf.com>

Misyon Complete Home Care se founi sèvis swen sante a domisil bon kalite, fyab ki fèt ak kè sansib, ke kliyan rekòmande pou zanmi yo ak fanmi yo, ke doktè prefere pou pasyan y ap bay swen, ke anlwaye fyè yo fè pati ladan e ke patnè kominotè yo panse a sèvis sa yo an premye.

### **Granny Nannies**

(305) 591-1818

<https://grannynannies.com/Miami>

Granny Nannies of Miami, Florida pran angajman pou li asire ke ou resevwa swen

sante a domisil oumenm ak moun ki chè a oumenm bezwen e merite.

### **Home Health Care of South Florida**

(305) 871-3601

<https://healthcareofsouthflorida.com>

Misyon Home Health Care of South Florida se founi swen bon kalite, fyab e ki ajou nan kay pasyan an epi ofri sipò pou fanmi an.

### **Home Instead**

(786) 349-3518

<https://www.homeinstead.com>

Home Instead ede adilt ki ap vyeyi viv byen lakay yo.

### **Little Havana Home Health Agency**

(786) 470-3080

<https://www.lhanc.org/home-1.html>

Little Havana Activities and Nutrition Centers of Dade County, Inc. (“LHANC”) ofri tout yon seri sèvis sosyal pou granmoun aje ki izole sosyalman e ki defavorize ekonomikman nan zòn Sid Florid la.

### **Miami Lighthouse for the Blind**

(305) 856-2288

<https://miamilighthouse.org/>

Atravè edikasyon, fòmasyon, rechèch ak amelyorasyon vizyon, Miami Lighthouse se yon sant aprantisaj ki ofri espwa, konfyans, ak endepandans pou moun tout laj.

### **Nursing South Corp.**

(305) 275-0461

<https://www.nursingsouth.com/>

Nursing South Corp. founi swen pou moun andikape tout laj ak granmoun aje ki ap viv lakay yo nan kominote pa yo epi li ede yo mennen yon vi ki pi konplè.

### **Premier Homecare Services**

(305) 603-7333

<https://premierhcservices.com/>

Premier Homecare Services ofri sèvis swen a domisil nan Sid Florid.

### **Providence Healthcare Services**

(305) 220-1088

<https://providencehhs.com/>

Providence Healthcare Services se yon ajans swen a domisil konplè ki pran angajman pou founi swen bon kalite pou pasyan an.

### **Right at Home**

(877) 697-7537

<https://www.rightathome.net/>

Right at Home se yon konpayi ki founi yon seri opsyon swen a domisil pou granmoun aje ak adilt andikape.

Miami Beach

(305) 407-1735

Konte Miami-Dade

(305) 697-9722

Aventura

(786) 783-3265

Palmetto Bay

(786) 305-5822

### **Senior Care Services Miami**

(305) 271-7065

<https://seniorcareservicesmiami.com>

Senior Care Services ofri yon seri sèvis, soti nan èd avèk aktivite toulejou rive nan swen espesyalize.

### **Senior Helpers**

(305) 874-7022

<https://www.seniorhelpers.com/fl/miami/>

Senior Helpers founi swen a domsil ak swen pèzonalize lòt kote, tankou nan etablisman rezidans pou moun ki pa enganm.

### **Visiting Angels**

(305) 728-3153

<https://www.visitingangels.com/senior-home-care-florida-fl>

Visiting Angels founi sèvis swen a domsil ki dedye pou granmoun aje an Florid.

## **Enfòmasyon ak Asistans**

### **Alliance on Aging Medicaid Assistance**

(305) 670-4357

Pwogram Medicaid Assistance òganizasyon Alliance on Aging lan founi enfòmasyon pou divès resous, pwogram ki finanse piblikman, sèvis prive peye ak opsyon swen alontèm ansanm ak Pwogram Swen Alontèm Medicaid ap Jere.

### **Liy Asistans Telefonik 24 sou 24 / 7 sou 7**

#### **Asosyasyon Alzaymè**

800-272-3900

TRS: Dial 711

Liy asistans telefonik Asosyasyon Alzaymè a konekte w an dirèk avèk yon moun ki kapab bay enfòmasyon, resous lokal, asistans nan moman kriz ak sipò emosyonèl.

### **Camillus House Institute of Success and Personal Achievement**

(305) 374-1065 ext. 509 or ext. 555

<https://www.camillus.org/need-help/#1643231153365-fea58433-a214>

Enstiti a founi sèvis tretman toksikomani pou moun ki ap itilize sibstans aktivman e ki sanzabri nan Miami.

### **Coral Gables Fire Blood Pressure Checks**

(305) 461-6764

<https://www.coralgables.com/department/fire-department/fire-department-community-services/services/fire-dept-community-services#952>

Tès pou tcheke tansyon gratis disponib pou piblik la de 8:00 a.m. a 10:00 a.m. ak de 6:00 p.m. a 8:00 p.m. sèt jou pa semèn.

### **Florida Agency for Health Care Administration Health Finder**

888-419-3456

TDD: 800-955-8771

[www.floridahealthfinder.gov](http://www.floridahealthfinder.gov)

Sit lokalizatè sante a ofri aksè fasil a enfòmasyon sou swen sante.

### **Liy Asistans Telefonik pou Granmoun Aje Depatman Afè Granmoun Aje Florid**

1-800-963-5337

<https://elderaffairs.org/programs-services/elder-helpline-1-800-963-5337/>

Liy Asistans Telefonik pou Granmoun Aje a ofri piblik la aksè a yon baz done resous kominotè nan tout Eta a.

### **Depatman Sante Florid (FDOH) nan Konte Miami-Dade**

(305) 324-2400

TDD: 800-955-8771

<https://miamidade.floridahealth.gov>

Misyon FDOH se pwoteje, pwomouvwa e amelyore sante moun an Florid pa mwayen efò entegre nan nivo Eta a, nan nivo konte a ak nan nivo kominotè.

### **Lokalizatè Èd**

[www.AuntBertha.com](http://www.AuntBertha.com)

Aunt Bertha ede moun jwenn resous gratis oswa a pri redwi tankou manje, lojman, asistans finansyèl, swen sante ak plis toujou.

### **Medicare Rights Center**

Liy nasyonal pou asistans telefonik: 800-333-4114

<https://www.medicarerights.org>

Medicare Rights Center travay pou asire aksè a swen sante abòdab pou granmoun aje ak moun andikape atravè konsèy ak militans, pwogram edikasyonèl ak inisyativ politik piblik.

### **MedlinePlus**

<https://www.medlineplus.gov>

MedlinePlus se yon resous enfòmasyon sante anliy pou pasyan ak fanmi yo ak zanmi yo.

### **Senior Alcoholism Help**

877-624-1853

<https://www.alcoholhelp.com/alcohol/victims-alcoholism/senior-citizen-alcoholism/>

Nimewo Senior Alcoholism Help la va konekte w konfidansyèlman avèk yon founisè tretman.

### **SHINE Florida**

1-900-963-5337

TTD: 1-800-955-8770

[www.floridashine.org](http://www.floridashine.org)

Pwogram SHINE lan (Serving Health Insurance Needs of Elders) ofri enfòmasyon sou asirans sante ak asistans konsèy konfidansyèl, san diskriminasyon e gratis pou benefisyè Medicare, fanmi yo ak èd famiyal yo.

### **SHINE Miami-Dade**

Pou randevou, rele (305) 671-6356

<https://www.floridashine.org/Counseling-Sites/Dade.aspx>

Pwogram SHINE lan (Serving Health Insurance Needs of Elders) ofri enfòmasyon sou asirans sante ak asistans konsèy konfidansyèl, san diskriminasyon e gratis pou benefisyè Medicare, fanmi yo ak èd famiyal yo.

### **United Senior Consultants, Inc.**

(305) 403-2535

<https://unitedseniorconsultants.com/>

United Senior Consultants, Inc. se yon sèvis referans ki ap ede fanmi jwenn Etablisman Rezidans pou Moun ki pa Enganm, Swen pou Alzaymè, Kominote Retrèt ak lòt opsyon swen pou granmoun aje.

## **Asirans**

### **Advocate Health Advisors**

(800) 709-5513

TTY: 711

<https://www.advocatehealthadvisors.com/>

Advocate Health Advisors se yon Òganizasyon nasyonal Jesyon Sou Teren sou mache Medicare la, li espesyalize nan asiste moun ki ap vin gen 65 an.

### **Aetna Medicare Advantage**

1-833-220-0349

TTY: Dial 711

<https://www.aetna.com>

Aetna Medicare se yon plan HMO, plan PPO ki gen yon kontra Medicare.

### **Avmed Medicare**

888-492-8633

<https://www.avmed.org/medicare/>

AvMed Medicare se yon plan HMO, ki gen yon kontra Medicare.

### **Care Plus**

1-855-605-6171

TTY: Dial 711

<https://www.careplushealthplans.com>

CarePlus se yon plan HMO, ki gen yon kontra Medicare.

**Cigna**

1 (877) 350-77720

TTY/TDD Dial 711

<https://www.cigna.com>

Cigna Healthcare ofri Medicare Advantage, Part D ak plizyè plan Medicare Supplement.

**Devoted Health Plans**

1-866-646-3841

TTY: Konpoze 711

<https://www.devoted.com/>

Devoted Health ofri plizyè plan Medicare Advantage.

**Florida Agency for Health Care Administration Medicaid Assistance**

(888) 419-3456

<https://ahca.myflorida.com/medicaid>

Ajans Florida Agency for Health Care Administrative Medicaid Assistance se depatman ki reponsab Medicaid an Florid.

**Florida Blue**

1-888-902-5708

TTY: 1-800-955-8770

<https://www.floridablue.com>

Florida Blue ofri Medicare Advantage, Part D ak plizyè plan Medicare Supplement.

**Humana Medicaid**

800-457-4708

TTY: Konpoze 711

<https://www.humana.com/medicaid>

Humana se yon òganizasyon Medicare Advantage ki gen yon kontra Medicare.

**Medicare**

Liy Asistans Telefonik: 1-800-633-4227

TTY: 1-877-486-2048

<https://www.medicare.gov>

Medicare se asirans sante pou moun ki gen 65 an oswa plis.

**Medicare Rx Extra Help**

800-772-1213

TTY: 1-800-325-0778

<https://www.ssa.gov/medicare/part-d-extra-help>

Pwogram Extra Help la ede moun ki gen revni ak resous limite redui oswa diminye pri Part D.

**Molina Healthcare**

Medicaid: (866) 472-4585

Mache asirans sante: (888) 560-5716

<https://www.molinahealthcare.com/>

Molina Healthcare ofri plizyè plan Medicare Advantage ki fèt espesyalman pou reponn a bezwen moun ki gen asirans Medicare oswa Medicare ak Medicaid.

**Sunshine Health**

1-866-796-0530

TTY: 1-800-955-8770

<https://www.sunshinehealth.com/>

Sunshine Health se yon plan swen administre ki gen yon kontra Medicaid Florida.

**Simply Healthcare Plans**

Sèvis pou Manm Medicare: 1-877-577-0115

Sèvis pou Manm Medicaid: 1-844-406-2396

<https://www.simplyhealthcareplans.com/florida-home/simply.html>

Antanke yon òganizasyon lisansye an Florid pou antretyen sante (HMO), Simply Healthcare Plans ofri plizyè plan sante pou moun ki enskri nan pwogram Medicaid ak oswa Medicare.

**Sant Gouvènman Etazini pou Medicare ak Medicaid (CMS)**

1-800-633-4227

[www.cms.gov](http://www.cms.gov)

CMS se ajans federal ki founi pwoteksyon sante bay plis pase 160 milyon moun atravè Medicare, Medicaid, pwogram Children's Health Insurance Program ak Mache Asirans Sante a.

### **WellCare Health Plans**

1-800-225-8017

TTY: Konpoze 711

<https://www.wellcare.com/en/Florida>

Wellcare ofri Plan HMO, Plan PPO ak Plan Bezwen Espesyal pou benefisyè Medicare.

## **Sant Medikal ak Sistèm Sante**

### **Accent Care**

1-800-834-3059

<https://www.accentcare.com/>

Accent Care ofri sèvis swen pèsonèl, sèvis sante a domisil, swen medikal a domisil ak swen ospis e palyatif.

### **Agape Network**

(305) 235-2616

<https://theagapenetwork.org/>

Agape ofri tretman konplè ki entegre sante konpòtmantal, sèvis swen primè, ak pwogram relijye pou pran swen moun nan o konplè.

### **Banyan Community Health**

(305) 774-3400

<https://banyanhealth.org/>

Banyan Community Health se yon sistèm swen sante a bi non-likratif ki pote swen sante primè ak konpòtmantal entegre pou kominote nan Sid Florid.

### **Baptist Health**

1-833-692-2784

<https://baptisthealth.net/>

Baptist Health ofri tout yon gran seri sèvis

medikal, sèvis chirijikal ak sèvis teknolojik. – tankou kansè, newosyans, medsin kadyak e vaskilè, medsin espòtif ak òtopedi.

### **Borinquen Medical Centers**

(305) 576-6611

<https://www.borinquenhealth.org>

Borinquen Medical Centers founi tout yon seri konplè sèvis sante ak sèvis sosyal pou kominote nou an ki divèsifye kiltirèlman nan Konte Miami-Dade.

### **CAC Florida Medical Centers**

<http://cacscandomain.com/>

CAC ofri swen primè ki dedye a granmoun aje.

### **Cano Health Medical Centers**

(855) 975-5119

[www.canohealth.com](http://www.canohealth.com)

CanoHealth ofri swen primè ki dedye a granmoun aje.

### **Centrum Health**

(888) 726-5116

<https://www.centrumhealth.com/?r=0>

Centrum founi swen konplè.

### **Chen Senior Medical Center**

1-855-845-6333

[www.chenmedicalcenters.com](http://www.chenmedicalcenters.com)

Chen Senior Medical Center se yon sant swen primè ak espesyalize yon fanmi posede ki pran angajman pou founi swen sante bay granmoun aje ki elijib pou Medicare.

### **Citrus Health Network**

(305) 825-0300

<https://citrushealth.org>

Citrus Health Network ofri sèvis medikal primè ak sèvis sante konpòtmantal pou moun tout laj.

**Community Health of South Florida**

(305) 252-4820

Aprè lè biwo: (305) 253-5100

[www.chisouthfl.org](http://www.chisouthfl.org)

Community Health of South Florida se yon òganizasyon swen sante a bi non-likratif ki ofri sèvis abòdab swen primè ak sante konpòmantal pou rezidan Sid Florid.

**Conviva Care Center**

(844) 208-2444

<https://www.convivacarecenters.com>

Conviva Care Center ofri sèvis ak swen ki dedye pou granmoun aje.

**Eden Medical Center**

(786) 651-2442

<https://edenmedicalcenters.com/>

Eden Medical Center founi swen konplè.

**Encompass Health Rehabilitation Hospital**

(305) 251-3800

<https://encompasshealth.com/>

Encompass Health Rehabilitation Hospital se yon sant reyabilitasyon pou pasyan ki ospitalize pou ka newolojik ak òtopedik ki konplèks.

**Florida PACE Centers at Miami Jewish Health**

(786) 933-7223

TTY: 800-955-8771

[floridapacecenters.miamijewishhealth.org](http://floridapacecenters.miamijewishhealth.org)

Program of All-Inclusive Care for the Elderly (PACE) se yon pwogram swen sante konplè e yon founisè swen kowòdone pèsonalize ak angajman sosyal pou granmoun aje ki kalifye pou swen nan mezon retrèt men ki prefere viv yon fason endepandan nan pwòp kominote pa yo.

**HCA Florida**

(305) 223-3000

[https://www.hcafloridahealthcare.com/?sc\\_lang=en-US](https://www.hcafloridahealthcare.com/?sc_lang=en-US)

HCA Florida Healthcare ofri swen sante konplè.

**Health Choice Network, Inc.**

<https://www.hcnetwork.org/>

Health Choice Network (HCN) se yon rezo plizyè sant sante kontwole, yon kolaborasyon nasyonal ant plizyè sant sante ak plizyè patnè.

**Jackson Health System**

(305) 585-1111

<https://jacksonhealth.org>

Jackson Health System se yon sistèm medikal akademik a bi non-likratif ki ofri swen pou nenpòt moun ki antre nan pòt li.

**Jessie Trice Community Health System**

(305) 637-6400

<https://www.jtchs.org>

Jessie Trice Community Health System, Inc. (JTCHS) se youn nan sant swen sante kominotè Konte Miami-Dade ki kalifye federalman.

**Las Mercedes Medical Centers**

(305) 423-4044

<https://www.mercedesmedicalcenters.com/en>

Las Mercedes Medical Centers ofri swen sante ki dedye a granmoun aje.

**Larkin Health System**

(305) 284-7500

<https://larkinhealth.com/en/>

